

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Hubungan antara manusa jeung lingkunganana dicukungan ku kabudayaan anu hirup dina kahirupan manusa éta sorangan. Dina adat istiadat anu ragem di unggal sélér bangsa di Indonesia, aya anu disebut upacara anu biasa dilakukeun dina sajeroning lalampahan manusa dina hirup kumbuhna sapopoé.

Kabudayaan enas-enasna mangrupa ébréhan kréatifitas tina rupa-rupa aspék kahirupan manusa, boh nu sipatna matérial boh nu sipatna spiritual. Éta dua jinis kabutuhan téh sajalan jeung adat istiadat manusa dina nyumponan kahirupan éta kabutuhan anu dipiharep bisa ngawangun tatanan kahirupan manusa nu luyu jeung norma-norma nu lumaku di masarakat. Dina kahirupan kudu aya kasimbangan antara kabutuhan batiniah jeung kabutuhan lahiriah.

Manusa miboga akal jeung pikiran pikeun ngamampaatkeun sagala nu aya di alam dunya pikeun nyumponan kabutuhan hirupna. Manusa dibéré kamampuh pikeun ngagunakeun jeung mekarkeun akal pikiranna jeung rasa liana, boh sacara fisik sacara non fisik, upamana waé kahirupan sosial jeung budayana. Kahirupan sosial jeung budaya tumuwuh di hiji daérah tangtu baris kapangaruhan ku faktor nu bisa mekarkeun budayana atawa faktor anu bisa numpurkeun budayana.

Kabudayaan téh nya éta kabiasaan anu dipigawé ku hiji masarakat sarta diturunkeun ti generasi ka generasi. Ieu hal, luyu jeung pamadegan Rahmat (2003 : 6), 'kabudayaan nya éta sakabéh pangaweruh, sikep jeung paripolah anu

mangrupa kabiasaan nu dipibanda sarta diwariskeun ku hiji masarakat nu tangtu.

Sedengkeun kabudayaan numutkeun pamadegan Harsojo (1966:6) nya éta *‘Kabudayaan adalah keseluruhan yang kompleks, yang didalamnya terkandung ilmu pengetahuan, kepercayaan, kesenian, moral, hukum, adat istiadat, dan kemampuan yang lain serta kebiasaan yang didapat oleh manusia sebagai anggota masyarakat’*.

Koentjaraningrat (1990:180) nétélakeun yén kabudayaan téh ngabogaan unsur-unsur anu universal, anu ngawengku:

- 1 Sistem religi,
- 2 Sistem organisasi kemasyarakatan,
- 3 Sistem pangaweruh,
- 4 Basa,
- 5 Kesenian,
- 6 Sistem pakasaban,
- 7 Sistem teknologi jeung pakakas.

Kabiasaan-kabiasaan hiji masarakat anu napak minangka konsep kapercayaan dina mangsa bihari, kiwari masih dipilampah baris katiténan dina upacara. Hasan Mustappa jeung Atik Soepandi (dina hufad 2005:130) ngadéskripsikeun adat istiadat urang Sunda dina rupa-rupa upacara diantarana nya éta :

1. Selamatan berkaitan dengan anak;
2. Pernikahan;

3. Selamatan sekitar usaha pertanian;
4. Selamatan sekitar rumah atau tempat tinggal;
5. Selamatan sekitar bulan dan hari-hari penting;
6. Penolak bala atau malapetaka;
7. Sekitar keinginan khusus;
8. Mencari kekayaan dunia;
9. *Black-Magic* tenung santet;
10. Perhitungan waktu (hari, bulan, weton);
11. Kesukaan, kesenangan, hobi tertentu; dan
12. Selamatan sekitar kematian.

Upacara tradisi mangrupa hubungan antara manusa jeung pribadina, masarakatna, alamna, jeung Pangérana. Éta hubungan téh mibanda tujuan pikeun ngahontal kasalematan jeung kasampurnaan hirup, anu aya dina kasadaran dirina sorangan, masarakat sabudeureuna, alamna, jeung kakawasaan nu ngaraksa kahirupan sakumna.

Kulantaran kitu, pikeun ngaraksa jeung ngariksa éta tradisi diayakeun panalungtikan. Panalungtikan Tradisi Hatam Al-Quran dina Upacara Kawinan ieu mangrupa bagian tina usaha pikeun ngamumulé ajén-inajén budaya bangsa sacara gembheng. Lian ti éta, panalungtikan nu diayakeun di désa Citanglar dipiharep boga mangpaat pikeun pangdeudeul dina ngamekarkeun kabudayaan jeung tradisi

Dina mangsa kiwari, anu tehnologina kawilang maju, masih aya kénéh komunitas anu nyekel tradisi kana karuhunna. Ku kituna, nu nulis ngarasa perlu ngayakeun panalungtikan anu judulna Ajén Falsafah Tradisi Hatam Al-Quran

Dina Upacara Kawinan Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi, sangkan teu patumpang tindih jeung ajaran nu diagem ku masarakat nya éta agama Islam. Lian ti éta, bisa nambahan wawasan hususna keur nu nalungtik, umumna keur masarakat.

Aya sababaraha judul skripsi nu nalungtik ngeunaan atawa budaya, di antarana

1. *Tradisi Tatanén di Kécamatan Campaka Kabupatén Purwakarta pikeun Bahan Pangajaran di sakola dasar*, ku Ahmad Sopian Effendi taun, 1999,
2. *Ajén Atikan Kakawihan Barudak nu Aya di Kampung Gintung Désa Mangunkerta, Kécamatan Cugenang, Kabupatén Cianjur*, ku Ade Wahyuningsih taun 2003,
3. *Fungsi jeung Simbol dina Tradisi Ngurus Orok di Désa Sukapada, Kécamatan Pagerageung, Kabupatén Tasikmalaya*, ku Halimatussadiyah taun 2006,
4. *Upacara Adat Panjang Jimat di Karaton Kasepuhan Cirebon: Tilikan Semiotik*, ku Thoir taun 2006,
5. *Ajén Falsafah dina Simbol-Simbol Upacara Ruatan Bumi Di Désa Parakan Garokgék Kecamatan Kiarapedes Kabupatén Purwakarta*, ku Asep Johan Kolamajaya taun 2007.

Panalungtikan ieu dijudulan "*Ajén Falasafah Tradisi Hatam Al-Quran Dina Upacara Kawinan di Désa Citanglar Kécamatan Suradé Kabupatén Sukabumi*", tangtuna baé aya perbédaan jeung kaistimewaan antara judul nu baris ditalungtik jeung judul nu geus aya, diantarana : sumber data ngeunaan tradisi

hatam Al-Quran dina upacara kawinan can aya nu ngagarap, tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan nu ditalungtik mangrupa hiji-hijina tradisi nu nepi ka ayeuna masih dimumulé di Désa Citanglar, waktu ngumpulkeun datana, jeung tempat ngayakeun panalungtikanana.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Sangkan ieu panalungtikan leuwih museur kana maksud atawa tujuan, nu nulis ngawatesan ngan saukur nalungtik *“Ajén Falsafah Tradisi Hatam Al-Quran Dina Upacara Kawinan Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi”*.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, sangkan naon anu rék dianalisis tur dipedar dina ieu panalungtikan téh puguh ambahannana, masalah panalungtikan bisa dirumuskeun ieu di handap:

1. Kumaha prak-prakan Tradisi Hatam Al-Quran Dina Upacara Kawinan nu aya di Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi?
2. Ajén Falsafah naon anu nyampak dina Tradisi Hatam Al-Quran Dina Upacara Kawinan nu aya di Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan anu hayang kahontal dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun:

1. Prak-prakannana Tradisi Hatam Al-Quran Dina Upacara Kawinan nu aya di Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi?
2. Ajén Falsafah naon anu nyampak dina Tradisi Hatam Al-Quran Dina Upacara Kawinan nu aya di Désa Citanglar, Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi?

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan nu dipihareup tina ieu panalungtikan nya éta:

1. Pikeun panalungtik, bisa ngamampaatkeun ieu panalungtikan sangkan nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan Sunda;
2. Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan, sarta méré motivasi pikeun ngarojong dina usaha ngamumulé kabudayaan atawa tradisi Sunda.

### 1.5 Anggapan Dasar

Surakhman (Arikunto 1998: 60) nétélakeun yén “*Anggapan dasar atau postulat adalah sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyidik*”. Dumasar kana pamadegan di luhur, ieu panalungtikan anggapan dasarna kieu:

1. Kabudayaan téh mangrupa hasil tina cipta, rasa ,jeung karsa nu ngawengku sakabéh aspék kahirupan manusa dina hirup kumbuhna;
2. Mikawanoh kana falsafah tina tradisi Hatam Al'Quran kawilang penting pikeun nambahan pangaweuruh;
3. Tradisi Hatam Al-Quran dina Upacara Kawinan mangrupa hiji tradisi anu aya di Desa Citanglar, jeung;
4. Tradisi Hatam Al-Quran dina Upacara Kawinan salah sahiji anu aya dimasyarakat anu di jerona pinuh ku ajén inajén luhur geusan kahirupan umat.

## **1.6 Wangenan Operasional**

### **1. Ajén falsafah**

Ajén falsafah nya éta pangaji anu dihasilkeun tina pamikiran anu ditéangan bebeneranana pikeun ngungkab hiji pasualan anu penting dina éta tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan.

### **2. Tradisi**

Tradisi nya éta kabiasaan atawa hasil budaya anu diwariskeun ti generasi ka generasi sacara turun-tumurun, anu di jerona ngandung ajén-inajén jeung adat tata laku anu dijadikeun papagon hirup di masarakatna.

### 3. Hatam Al-Quran

Hatam Al-Quran nya éta ngaji surat Al-Kautsar nepi ka surat An-nass maké pupujian jeung maké lagam anu hadé tur merenah.

### 4. Upacara

Upacara nya éta tanda-tanda kaagungan, perayaan nu dilakukeun atawa diayakeun patalina jeung kajadian anu penting.

### 5. Kawinan

Kawinan nya éta meungkeut hubungan lahir batin antara lalaki jeung awéwé salaku suami istri pikeun tujuan ngawangun kulawarga.

### 6. Désa Citanglar Kécamatan Suradé Kabupatén Sukabumi

Désa nya éta salah sahiji tingkat pamaréntahan anu aya di saluhureun tingkat RW sahandapen Kecamatan jeung Kabupatén. Jadi Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi nya éta salah sahiji tingkat pamaréntahan di saluhureun tingkat RW sahandapeun Kecamatan Suradé jeung Kabupatén Sukabumi anu baris ditalungtik ajén falsafah tina tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan.